ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ НӨКИС РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ НУКУС ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

АҚМАНҒЫТ ПОСЁЛКАСЫ, ДАРСАН КӨШЕСИ 32-жай тел: 226-45-54

№ 54/1 «20» «январь» 2018-жыл.

Райондағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кенеси жанындағы "Давтехназорат" инспекциясының 2018-жыл 4-январьдағы 1- санлы буйрығы ҳәмде Өзбекистан Республикасы Әдиллик министрлигинен 2013-жыл 25-апрельде 2452-сан менен дизимге алынған Өзбекистан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигиниң 2013-жыл 2-апрельдеги 58-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб-үскенелерин техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында» ғы Режеге тийкарланып, районда 2018-жылы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әспаб-үскенелерин ҳәр жыллық техникалық көриктен өткериў мақсетинде ҳәмде "Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында» ғы Өзбекистан Республикасы Нызамның 6-статьясына тийкарланып

Ш Е Ш И М Е Т Е М Е Н:

1. Район аймағындағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, әсбап-үскенелерин, 2018-жылы техникалық көриктен өткериўши район комиссиясы 1-қосымшаға, райондағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин жыллық техникалық көриктен өткериў ис режеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Техникалық көриктен өткериўши район комиссиясына:

а) мүликшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин жыллық техникалық көриктен өткериў бойынша ис режени юридикалық ҳәм физикалық шахсларға жеткизиў;

б) техникалық талапқа жуўап бермейтуғын, техникалық насаз техникаларды ислетпеўди ҳәм пайдаланыўды қадаған етиў;

в) техникалық көрик даўамында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелериниң мәўсимге таярлығы, ҳәр бир тракторшы-машинисттиң тийисли техниканы басқарыў ушын рухсат етилген категориясының барлығын, техникалардың белгиленген тәртипте дизимнен өткизилгенлиги ҳәм басқа техникалық талапларға жуўап бериўине итибар қаратыў;

г) техникалық көриктен өткен техникаларды баяннамалар тийкарында ислеўге рухсат бериўди шөлкемлестириў ўазыйпалары жүкленсин.

3. Райондағы барлық фермер хожалықлары, оларға хызмет көрсетиўши кәрхана, шөлкем, коммерциялық банклер ҳәм мәҳәлле баслықларына:

а) есабында бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив техникаларды, әсбап-үскенелерди техникалық көриктен өз мүддетинде өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў;

б) техникалық көриктен өткерилген ҳәр бир техника ушын өндирилетуғын жыйымларды өз ўақтында төлениўин тәмийинлеў;

в) ҳәр бир мәҳәлле, өз аймағындағы жеке меншик техникаларды техникалық көриктен өтиўин шөлкемлестириў ўазыйпасы жүкленсин.

4. Район ҳәкиминиң биринши орынбасары М.Қудайбергеновқа:

райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парклери, ашық акционерлик жәмийетлери, бәсекелес машина - трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, әсбап - үскенелерди жыллық техникалық көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги тәртиплерге тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Бул шешим районлық «Ақманғыт таңы» газетасында жәрияланған күннен баслап күшке киреди ҳәм ҳәкимликтиң веб-сайтында жәриялансын.

6. Район ҳәкиминиң 2017-жыл 11-февраль күнги «Райондағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў ҳаққында»ғы №150/2-санлы («Ақманғыт таңы» газетасы, 2017-жыл 11-февраль, 3-4(4410-4411)-саны) шешими өз күшин жойытқан деп есапланысын.

7.Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў, район ҳәкиминиң биринши орынбасары М.Қудайбергеновтың ўазыйпасына жүкленсин.

Нөкис районы ҳәкими **А.Сейтахов**

Район әкіминің 2018-жыл
«26» қаңтардағы 54/1-санлы
шешіміне 1-санлы қосымша

Район аймағындағы ауыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, әсбап-үскенелерин, 2018-жылы техникалық көриктен өткериўши район комиссиясы

Т.Қайыпбергенов	Нөкис районы аўыл хожалық техникалары мәмлекетлик инспекторы, комиссия баслығы:
	Комиссия ағзалары
Ш.Абдижамилов	Район «Машина трактор парки» АЖЖ баслығы
С.Тилепбергенов	Район Ақманғыт Агротехсервис ЖШЖ инженери
Р.Ғаниев	Район аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығының агротехнология мәселелери бойынша орынбасары.

Еслетпе: Усы комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда орнына келген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.

Район хәкиминиң 2018-жыл
«26» марта күнги 54/1-санлы
шешимине 2 - қосымша

Райондағы аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин жыллық техникалық көриктен өткериў ис режеси

Т/к	Техниканың аты	Техника маркалары	Техникалық көриктен өткериў мүддети	Техникалық көриктен өткериў мәнзили	Техникалық көриктен өткериў ўақты
1.	Аўыл хожалық техникалары	Тракторлар	10 күн даўамында	Аўыл хожалық техникалар жайласқан аймақлардағы БМТП гаражлары	10.02.2018 ж. дан 20.02.2018 жылға
		Трактор тиркемелери	8 күн даўамында		21.02.2018 ж. дан 28.02.2018 жылға
		Салы орыў комбайнлары	10 күн даўамында		10.02.2018 ж. дан 20.02.2018 жылға
		От - жем орыў комбайнлары	2 күн даўамында		28.02.2018 ж. дан 02.03.2018 жылға
		Силос орыў комбайнлары	8 күн даўамында		28.02.2018 ж. дан 02.03.2018 жылға
		Плуглар	4 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 07.03.2018 жылға
		Чизельллер	3 күн даўамында		01.03.2018 ж. дан 03.03.2018 жылға
		Культиваторлар	4 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 07.03.2015 жылға
		Тегислеўшилер	4 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан

					07.03.2018 жылға
		Бороналар	3 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 07.03.2018 жылға
		Малалар	3 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 07.03.2018 жылға
		Сеялкалар	3 күн даўамында		09.03.2018 ж. дан 11.03.2018 жылға
		Бүркегишлер	3 күн даўамында		12.03.2018 ж. дан 15.03.2018 жылға
		Жыйнаў-пресслегишлери	2 күн даўамында		17.03.2018 ж. дан 19.03.2018 жылға
		Скреперлер ҳәм басқалар	4 күн даўамында		19.03.2018 ж. дан 23.03.2018 жылға
2.	Мелиоратив техникалар	Экскаваторлар	10 күн даўамында	Мелиоратив техникалар жайласқан аймақлардағы БМТП гаражлары	1002.2018 ж. дан 20.02.2018 жылға
		Бульдозерлер	10 күн даўамында		10.02.2018 ж. дан 20.02.2018 жылға
		Скреперлер	10 күн даўамында		10.02.2018 ж. дан 20.02.2018 жылға
3.	Әспаб-үскенелер	Өлшеў әсбаплары	4 күн даўамында	Әсбап-үскенелер жайласқан аймақлардағы БМТП гаражлары	09.03.2018 ж. дан 12.03.2018 жылға
		Металлға ислеў бериўши станоклар	4 күн даўамында		09.03.2018 ж. дан 12.03.2018

					жылға
		Пайдаланыў курылмалары	6 күн даўамында		21.02.2018 ж. дан 26.02.2018 жылға
		Темирлерди пресслеў әсбап-үскенелери	6 күн даўамында		21.02.2018 ж. дан 26.02.2018 жылға
		Электр әсбаплары	4 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 07.03.2018 жылға
		Суў насослары	10 күн даўамында		04.03.2018 ж. дан 14.03.2018 жылға

Еслетпе: Жеке техникалардың алып келиниўине қарап 2018 - жыл 10 - февраль күнинен 2018 - жыл 17 - июль күнине шекем АПЖ, МПЖ аймағындағы БМТП гаражларында хәр күни өткизиледи.